

# Vòl Idantite

---

Zouti Pou Repran Idantite  
Finansyè Ou





Pwokirè Jeneral New York la

## **Letitia James**

### **Chè Zanmi:**

Vòl idantite a afekte plizyè milye Rezidan New York chak ane, sa ki koute yo lajan, tan, ak repitasyon finansyè yo. Si sa rive w, li enpòtan pou w pran yon mezi byen rapid — tank ou fèmen bouch vòlè a pi vit, se tank w ap kapab repran kontwòl idantite w la pi rapid.

Bwochi sa a bay enfòmasyon sou mezi ou ta dwe pran yo, si tout fwa ou sispèk yon moun ap itilize non w ak enfòmasyon pèsonèl ou yon fason pou li ka jwenn yon kredi, swen medikal, oswa menm yon travay.

Si w gen kesyon oswa si w bezwen jwenn plis enfòmasyon, tcheke resous ki anba yo oswa ale sou sit entènèt nou an nan ag.ny.gov.

Ak tout kè mwen,

*Letitia James*

# Premyeman

Rejwenn idantite w ak repare kredi w, se yon pwosesis ki kapab long. Men, se premye etap yo ki pi enpòtan. Bagay sa yo pral sonnen alam nan lè vòl la fèt epi yo kapab bloke pwogresyon krim nan.

Pran twa (3) mezi sa yo byen rapid, depi w annik sisplèk yo vòlè idantite w:

1. Kontakte konpayi kote fwod la te fèt la.
2. Enfòme ajans evalyasyon kredi yo.
3. Kreye yon Rapò pou Vòl Idantite.

Kontinye li pou w ka jwenn plis detay sou chak mezi sa yo.

## **1. Kontakte Konpayi Kote Fwod la Te Fèt la**

Si yo te louvri yon novo kont, rele konpayi kote fwod la te fèt la imedyatman. Pale dirèkteman ak depatman fwod ki nan konpayi a, si tout fwa konpayi a genyen youn. Eksplike ke yon moun te vòlè idantite w epi mande l pou l fèmen kont yo oswa bloke kont yo. Kreditè yo ka mande w pou w soumèt yon rapò alekri sou fwod la, ansanm ak yon rapò pou vòl idantite, lè w genyen youn.

Frè ki Gen Fwod: Si w panse genyen frè ki gen fwod oswa ki genyen erè sou kont kredi ou genyen ki egziste déjà a, kontakte konpayi kat kredi w la imedyatman. Règleman federal la egzije pou konpayi kat kredi yo retire eleman ki konteste nan bòdwo w la pandan y ap mennen ankèt la. Chanje non itilizatè w yo, modpas ou yo ak PIN tout kont ou yo.

Remak: Lwa federal la limite responsablité w a \$50 pou frè ki pa otorize sou kont kat kredi w la.

## **2. Enfòme Ajans Evalyasyon Kredi yo**

Kontakte imedyatman youn (1) nan twa (3) pi gwo ajans evalyasyon kredi yo (yo rele yo tou “Biwo Kredi”) pou enfòme yo konsènan sitiayson an. Konpayi sa a dwe enfòme de (2) lòt yo.

### ***TransUnion.com***

Depatman Èd pou moun ki Victim Fwod yo (Fraud Victim Assistance Dept.)  
P.O. Box 2000  
Chester, PA 19022-2000  
(800) 680-7289

### ***Equifax.com***

P.O. Box 105069  
Atlanta, GA 30348-5069  
(800) 525-6285  
(888) 766-0008

### ***Experian.com***

P.O. Box 9554  
Allen, TX 75013  
(888) 397-3742

### **Remak:**

Moun ki viktим vòl idantite yo gen dwa pou yo retire, oswa “bloke” enfòmasyon ki gen fwod nan dosye kredi yo. Lè yo bloke enfòmasyon an, enfòmasyon an p ap parèt sou rapò kredi w la, epi yo entèdi pou konpayi yo eseye kolekte dét la nan men ou. Biwo kredi yo oblige respekte demann sa a, si tout fwa ou gen yon Rapò pou Vòl Idantite.

Mete yon “alèt pou fwod” sou dosye kredi w la.

Anjeneral, yon biznis dwe verifye idantite w anvan li ba ou yon kredi, sa ki fè li difisil pou nenpòt moun ta ka louvri yon nouvo kont sou non ou. Ou ka renouvre alèt pou fwod la apre 90 jou. Chak biwo kredi ap voye ba ou yon lèt ki konfime alèt pou fwod la nan dosye kredi w la.

### **Ekri chak ajans evalyasyon kredi.**

Mete landan yon kopi Rapò pou Vòl Idantite w la ak prèv idantite w, tankou non w, adrès ou ak nimewo Sekirite Sosyal ou. Mande pou yo bloke enfòmasyon ki gen fwod ki nan rapò a.

Moun ki pa gen yon Rapò pou Vòl Idantite kapab toujou konteste enfòmasyon ki pa kòrèk yo, men sa ka pran plis tan epi pa gen okenn garanti ke biwo kredi yo pral retire enfòmasyon yo.

### **Pran kopi rapò kredi w yo gratis nan chak biwo yo.**

Moun ki viktim vòl idantite yo gen dwa pou yo resevwa yon kopi rapò kredi yo a gratis. Revize avèk anpil atansyon rapò yo, yon fason pou ka detekte nenpòt tranzaksyon oswa kont ou pa rekonèt. Mande biwo kredi a pou l ajoute yon deklarasyon nan enfòmasyon ki nan dosye kredi w la, ke w deklare ki gen fwod la.

### **Fè yon “Blokaj Sekirite”**

Blokaj Sekirite a oswa Blokaj Kredi a anpeche kreditè yo genyen aksè a dosye kredi w la. Kidonk, pifò pretè yo ap refize louvri nouvo kont. Kijan



Li Mache:

- Kontakte chak Ajans Evalyasyon Kredi (Credit Reporting Agency, CRA). Yo pral kolekte enfòmasyon ou yo, konfime idantite w epi mete yon blokaj kredi nan espas yon (I) jou.
- Ajans evalyasyon kredi yo ap voye ba ou etan pa lapòs yon notifikasyon alekri konsènan blokaj ou a ak yon Nimewo Idantifikasiyon Pèsonèl (Personal Identification Number, PIN) pou w ka idantifye tèt ou lè w ap kontakte biwo kredi yo oswa pou w retire Blokaj Sekirite a.
- Yo ka retire blokaj sekirite a, pou tout tan oswa pou yon ti tan, lè w annik kontakte chak CRA yo. Pa gen okenn frè w ap peye lè w ap mete yon blokaj sekirite pou premye fwa. Si w se moun ki viktim vòl idantite a epi si w genyen yon Afidavi pou Vòl Idantite oswa yon rapò lapolis, pa gen okenn frè w ap peye pou mete, retire, oswa retabli blokaj sekirite a.

**[transunion.com/credit-freeze/place-creditfreeze](http://transunion.com/credit-freeze/place-creditfreeze)**

**(888) 909-8872**

**[experian.com/freeze/center](http://experian.com/freeze/center)**

**(888) 397-3742**

**[equifax.com/CreditReportAssistance](http://equifax.com/CreditReportAssistance)**

**(800) 349-9960**

### ————— Lè w ap Depoze yon Rapò Lapolis: ———

Si w rankontre difikilte pou w depoze yon rapò lapolis, retounen sou sit entènèt Komisyon Komès Federal la (Federal Trade Commission, FTC) pou w ka jwenn yon kopi “Pwotokòl FTC pou Fòs Delòd yo” (FTC Memo to Law Enforcement).

### **3. Kreye yon Rapò pou Vòl Idantite: FTC ak Lapolis**

Yon Rapò pou Vòl Idantite ka ede w retire enfòmasyon ki gen fwod nan dosye kredi w la epi li ka fè yo pa siyale l nan rapò kredi w la, li anpeche yon konpayi kolekte dèt vòl idantite a te lakoz yo, epi jwenn enfòmasyon konsènan kont yon vòlè te louvri sou non w.


- Depoze yon plent nan Komisyon Komès Federal la (Federal Trade Commission), ki endike ke w se yon moun ki te viktim vòl idantite, swa sou entènèt oswa nan telefòn (swivi fèt alekri). Yo rele plent ou ranpli a yon “Afidavi pou Vòl Idantite” (Identity Theft Affidavit).

**(877) 438-4338**

***identitytheft.gov***

- Pote Afidavi pou Vòl Idantite w la bay lapolis lokal ou a, oswa bay lapolis kote vòl la te fèt la, epi depoze yon rapò lapolis. Pran yon kopi rapò lapolis la.

De (2) dokiman yo genyen yon Rapò pou Vòl Idantite.



# **Kisa pou w fè pou...**

## **Chèk yo Vòlè**

Siyale vòl chèk oswa itilizasyon chèk ki gen fwod yo bay:

Telecheck: **(800) 710-9898**

NPC: **(800) 526-5380**

## **ATM/Kat Debi**

Daprè lwa federal la, responsabilite w genyen pou peman ki fèt san otorizasyon yo limite a \$50, si yo siyale disparisyon an nan espas de (2) jou ouvrab apre yo dekouvi pèt la. Responsabilite a ap monte nan \$500 si yo siyale pèt la nan espas 60 jou. Apre 60 jou, responsabilite a vin san limit. Ou p ap responsab okenn lòt frè ki fèt apre yo fin siyale ke kat la pèdi.

## **Nimewo Sekirite Sosyal**

Si kat ou a pèdi oswa si yo vòlè I, kontakte Administrasyon Sekirite Sosyal la (Social Security Administration, SSA).

**(800)-772-1213**

***ssa.gov***

Si yo itilize nimewo Sekirite Sosyal ou a pou fè fwod, rele oswa ale sou sit entènèt Biwo Enspektè Jeneral administrasyon an (Office of the Inspector General).

**(800) 269-0271**

***oig.ssa.gov***

## **Chanjman Adrès Ki Gen Fwod**

Kontakte Sèvis Lapòs Etazini an (U.S. Postal Service) si w sispek yo te vòlè kourye lapòs ou a oswa si yon moun te soumèt yon fòm pou chanjman adrès ki gen fwod nan biwo lapòs la.

**(877) 876-2455**

***postalinspectors.uspis.gov***

## Paspò

Siyale paspò ki pèdi oswa paspò yo vòlè bay Depatman Deta Ameriken an (US Department of State). Si se yon lòt peyi ki bay paspò a, fè anbasad la oswa konsila lòt peyi ki bay li a konn sa.

**(877) 487-2778**

**[pptform.state.gov](http://pptform.state.gov)**

## Lisans Chofè

Kontakte Depatman Veyikil-a-Motè a (Department of Motor Vehicles) pou move itilizasyon lisans chofè oswa pou ranplase yon lisans ki pèdi oswa yon lisans yo vòlè. Mande yon fòm FI-17 (Rapò sou Itilizasyon Ki San Otorizasyon/Fè Kopi Lisans oswa Anrejistreman) lè w annik kontakte:

**(518) 473 6464**

**[dmv.ny.gov](http://dmv.ny.gov)**

## Dosye Medikal

Si yon moun te itilize non w pou l ka resevwa avantaj medikal:

- Enfòme pwofesyonèl swen sante a konsènan nenpòt erè ki genyen nan dosye w la;
- Enfòme konpayi asirans sante w la konsènan erè yo; ajoute yon kopi Rapò pou Vòl Idantite w la ladan l.



## Konpayi Ki La Pou Kolekte Dèt

- Nan espas 30 jou apre w fin resevwa yon lèt pou kolekte lajan, ekri konpayi ki la pou kolekte dèt la pou w ka enfòme I konsènan vòl idantite a epi mete yon kopi Rapò pou Vòl Idantite a ladan I.
- Kontakte konpayi kote fwod la te fèt la; di li sa se pa dèt ou. Li oblige ba w detay sou dèt la si w mande I sa. Di li pou li sispann siyale dèt la bay biwo kredi yo.

## Pirataj Enfòmatik

Pirataj enfòmatik la fèt lè yo antre nan dosye yon konpayi san otorizasyon (yo pirate done li yo) oswa li pèdi enfòmasyon li yo san li pa rann kont de sa. Lè sa rive, ou ka gen risk pou w sibi yon vòl idantite. Men sa ou ka fè pou pwoteje tèt ou:

- Pwofite òf pou siveyans kredi a gratis;
- Fè mete yon blokaj kredi;
- Chanje modpas ak non itilizatè sou kont ou genyen sou entènèt yo.



# Resous

## **Biwo Pwokirè Jeneral New York Ia, Biwo Fwod Konsomatè**

**(800) 771-7755**

**[ag.ny.gov](http://ag.ny.gov)**

**(800) 416-8300 (TTY)**

Albany  
The Capitol  
Albany, NY 12224

New York City  
28 Liberty Street  
New York, NY 10005

## **Komisyon Komès Federal**

Pou depoze yon plent pou vòl idantite, pou jwenn plis enfòmasyon konsènan mezi ou dwe pran yo epi pou kreye yon afidavi pou vòl idantite.

**(877) 438-4338**

**[identitytheft.gov](http://identitytheft.gov)**

**(866) 653-4261 (TTY)**

## **Rapò sou Kredi Chak Ane (Annual Credit Reports)**

Pou kòmande plizyè kopí gratis chak ane nan chak biwo k ap fè rapò kredi yo.

**(877) 322-8228**

**[annualcreditreport.com](http://annualcreditreport.com)**

**Biwo Rejyonal pou Biwo Pwokirè Jeneral la (Office of the Attorney General, OAG)**

**Binghamton**

Bilding Biwo Leta  
44 Hawley Street, 17 Floor  
Binghamton, NY 13901  
(607) 251-2770

**Brooklyn**

55 Hanson Place, Suite 1080  
Brooklyn, NY 11217-1523  
(718) 560-2040

**Buffalo**

Main Place Tower  
350 Main St, Suite 300A  
Buffalo, NY 14202  
(716) 853-8400

**Harlem**

163 West 125th Street  
New York, NY 10027  
(212) 364-6010

**Nassau**

200 Old Country Road, Suite 240  
Mineola, NY 11501  
(516) 248-3302

**Plattsburgh**

43 Durkee Street, Suite 700  
Plattsburgh, NY 12901  
(518) 562-3288

**Poughkeepsie**

One Civic Center Place, Suite 401  
Poughkeepsie, NY 12601  
(845) 485-3900

**Rochester**

144 Exchange Boulevard  
Rochester, NY 14614  
(585) 546-7430

**Suffolk**

300 Motor Parkway  
Hauppauge, NY 11788  
(631) 231-2424

**Syracuse**

300 South State Street, Suite 300  
Syracuse, NY 13202  
(315) 448-4800

**Utica**

207 Genesee Street, Room 508  
Utica, NY 13501  
(315) 864-2000

**Watertown**

317 Washington Street  
Watertown, NY 13601  
(315) 523-6080

**Westchester**

44 South Broadway  
White Plains, NY 10601  
(914) 422-8755





---

Biwo Pwokirè Jeneral  
Eta New York la  
***Letitia James***

**ag.ny.gov**

**(800) 771-7755**